



## DIREKTIV PWOVIZWA POU SEKTÈ KOMÈS AN GWO A PANDAN IJANS SANTE PIBLIK COVID-19 LA

### Lè ou li dokiman sa a, ou ka afime nan pati ki anba a.

Nan dat 15 jen 2020

#### Objektif

Yo te kreye Rekòmandasyon Pwovizwa sa yo pou Sektè Komès an Gwo a pandan Ijans Sante Piblik COVID-19 la ("Rekòmandasyon COVID-19 Pwovizwa pou Komès an Gwo") pou bay mèt/administratè biznis komès an gwo yo ak anplwaye ak founisè sèvis yo prekosyon pou ede pwoteje kont pwopagasyon COVID-19 pandan sektè komès an gwo a ap re-ouvè pou biznis.

Konsiy sa yo se jis egzijans minimòm e nenpòt anplwayè lib pou bay prekosyon anplis oswa ajoute restriksyon. Konsiy sa yo baze sou pratik sante piblik ki plis popilè yo nan moman faz I reouvèti Eta a, epi dokiman konsiy sa yo baze sou li a ka chanje epi l chanje souvan. Pati Responsab yo – jan sa defini anba a – responsab pou respekte tout egzijans lokal, etatik ak federal yo ki gen rapò ak komès an gwo. Pati Responsab yo responsab tou pou rete okouran de tout mizajou ki fèt nan egzijans sa yo, epi mete yo nan nenpòt komès an gwo ak/oswa Plan Sekirite Sit.

#### Enfòmasyon Jeneral

Nan dat 7 mas 2020, Gouvènè Andrew M. Cuomo te pibliye Dekrè Egzekitif 202 (Executive Order 202), ki deklare yon eta ijans an repons a COVID-19. Transmisyon kominotè COVID-19 deja rive toupatou nan New York. Pou kapab minimize plis pwopagasyon, nou dwe kenbe yon distans sosyal pou pi piti 6 pye ant moun yo, kote sa posib.

Nan dat 20 mas 2020, Gouvènè Cuomo te pibliye Dekrè Egzekitif 202.6, ki te bay tout biznis ki pa esansyèl yo lòd pou yo sispann fonksyone avèk pèsònèl nan biwo. Biznis esansyèl, jan sa defini pa Koperasyon devlopman Eta Anpi a (Empire State Development Corporation, ESD) direktiv, pat anba restriksyon an pèsòn, men yo te mande yo soumèt anba direktiv ak prensip yo pou kenbe yon anviwònman travay pwòp ak sekirize ke Depatman Sante a te pibliye (Department of Health, DOH), epi yo te ankouranje anpil pou kenbe mezi distans sosyal yo nan mezi sa posib.

Nan dat 12 avril 2020, Gouvènè Cuomo te pibliye Dekrè Egzekitif 202.16, ki te bay biznis esansyèl yo lòd pou yo bay anplwaye yo, ki prezan nan lye travay la, bagay pou kouvri figi yo, gratis, pou yo itilize lè y an kontak dirèk avèk kliyan yo oswa avèk manm piblik la nan kad travay yo. Nan dat 15 avril 2020, Gouvènè Cuomo te pibliye Dekrè Egzekitif 202.17, ki òdone ke nenpòt moun ki gen pase dezan epi ki kapab tolere yon kouvèti pou figi dwe kouvri nen ak bouch yo ak yon mask oswa yon twal lè yo nan yon espas piblik epi yo pa ka kenbe, oswa lè yo pap kenbe, distans sosyal yo. Nan dat ki 16 avril 2020, Gouvènè Cuomo te pibliye Dekrè Egzekitif 202.18, ki òdone ke tout moun ki ap itilize transpò piblik oswa prive oswa lòt veyikil lokasyon, ki gen plis pase dezan epi ki ka tolere yon kouvèti pou figi, dwe mete mask oswa kouvèti pou figi ki kouvri depase nen an ak bouch la pandan vwayaj sa a. Li òdone tou nenpòt operatè oswa chofè transpò piblik oswa prive pou mete yon kouvèti pou figi oubyen mask ki kouvri nen an ak bouch la pandan gen anpil pasajè nan veyikil sa a. Nan dat 29 me 2020, Gouvènè Cuomo te pibliye Dekrè Egzekitif 202.34, ki otorize dirijan / pwopriyetè biznis ki gen otorite yo pou refize aksè pou moun ki pa respekte egzijans kouvèti pou figi oswa mask la.

Nan dat 26 avril 2020, Gouvènè Cuomo te anonse yon apwòch an plizyè faz pou ka retounen ouvri endistri ak biznis yo nan New York an faz ki baze sou yon analiz rejyonal ki baze sou done yo. Nan dat 4 me 2020, Gouvènè a te pèmèt pou analiz rejyonal la konsidere plizyè faktè sante piblik, ki enkli nouvo ka enfeksyon COVID-19 yo, ansanm ak sistèm swen sante a, tèst dyagnostik yo, ak kapasite pou trase kontak yo. Nan dat 11 me 2020, Gouvènè Cuomo te anonse ke premye faz nan reyouvèti a ta pral kòmanse nan dat 15 me 2020 nan divès rejyon New York, ki baze sou mezi ak endikatè rejyonal ki disponib yo.

Mete sou nòm sa yo, ni biznis esansyèl ak biznis ki pa esansyèl dwe kontinye konfòme ak direktiv epi prensip sa yo pou kenbe anviwònman travay yo pwòp ak sekirize ke DOH te pibliye.

Tanpri note sa byen, kote direktiv ki nan dokiman sa a diferan de lòt dokiman direktiv Eta New York te pibliye yo, sa ki plis resan an dwe aplike.

## Nòm pou Aktivite Biznis Komès an Gwo nan Eta New York

Pa gen okenn aktivite biznis komès an gwo ki ka fèt san yo pa ranpli nòm minimòm Eta yo, ansanm ak kondisyon federal ki aplikab yo, ki enkli men ki pa sèlman nòm minimòm ki nan Lwa sou Ameriken ki gen Andikap yo (Americans with Disabilities Act, ADA), Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi yo (Centers for Disease Control and Prevention, CDC), Ajans Pwoteksyon Anviwònman la (Environmental Protection Agency, EPA), ak Administrasyon Sekirite ak Sante Pwofesyonèl (Occupational Safety and Health Administration, OSHA) nan Deptaman Travay Ameriken an (United States Department of Labor).

Nòm Eta a ki gen nan enstriksyon sa a aplike pou tout biznis komès an gwo – tou de esansyèl ak sa ki pa esansyèl – ki an mach pandan ijans sante piblik COVID-19 la jiskaske yo anile oswa modifiye pa Eta a. Mèt pwopriyete etablisman biznis komès an gwo yo, oswa yon lòt pati ke mèt pwopriyete a dezinye (nan tou de ka yo, "Pati Responsab yo"), pral responsab pou respekte nòm sa yo.

Direktiv sa a òganize sou twa kategori diferan: moun, espas, ak pwosesis.

## I. Moun

### A. Distans Fizik

- Pati Responsab yo dwe asire ke pou nenpòt travay ki ap fèt andedan, prezans mendèv la limite ak 50% okipasyon maksimòm lan po yon espas an patikilye jan sètifika okipasyon an, san sipèvizè yo pa ladan; depi, sepandan, si yon etablisman egzije plis anplwaye pou opere an tout sekirite fonksyon prensipal yo (pa egzanp founi machandiz enpòtan yo), Pati Responsab yo dwe itilize estrateji mitigasyon anplis; epi
- Pati Responsab yo dwe asire ke yon distans yo kenbe yon distans omwen sis pye pami anplwaye yo tout tan, sof si sekirite aktivite prensipal la egzije yon distans ki pi kout (pa egzanp estoke ansanm atik ki twò lou yo, siyati faktirasyon yo). Nenpòt lè anplwaye yo dwe vini a sis pye de yon lòt moun, yo dwe mete kouvèti pou figi ki akseptab. Anplwaye yo dwe prepare pou rale yon kouvèti pou figi si yon lòt moun vin prezante a mwens pase sis pye sanzatann.
  - Kouvèti pou figi akseptab pou COVID-19 la yo se, men yo pa limite a sa sèlman, kouvèti pou figi ki fèt ak twal ak mask ki kouvri ni bouch ak nen an.
  - Sepandan, kachnen an twal, dispozab, oswa kachnen ki fèt lakay pa akseptab pou aktivite nan lye travay la ki abityèlman egzije yon degre pwoteksyon pi wo pou ekipman pwoteksyon pèsònèl (personal protective equipment, PPE) poutèt nati travay la. Pou aktivite sa yo, respiratè N95 oswa

lòt PPE ke yo itilize anba nòm endistri ki egziste yo ta dwe kontinye itilize, menm jan sa defini selon [konsiy OSHA yo](#).

- Pati Responsab yo ka modifiye itilite ak/oswa diminye nonb espas travay yo ak syèj anplwaye yo, pou travayè yo ka sis pye pou pi piti nan tout direksyon (pa egzanp kòt a kòt ak lè youn anfas lòt) epi pou yo pa pataje estasyon oswa espas travay san yo pa netwaye oubyen dezenfekte sa ki fin itilize. Lè distans lan pa posib ant estasyon oswa espas travay yo, Responsab Pati yo dwe bay epi egzije itilizasyon kouvèti pou figi oswa kreye baryè fizik, tankou mi pwoteksyon an plastik, nan plas kouvèti pou figi nan espas kote sa p'ap anpeche lè sikile, chalè, frechè, oswa van.
  - Si yo itilize, yo dwe mete baryè fizik yo konfòmman ak [direktiv OSHA yo](#).
  - Chwa pou baryè fizik yo (pa egzanp ant pòs travay yo nan biwo yo oswa nan tout depo yo) gendwa gen ladan: rido an bann, pleksiglas oswa materyèl ki sanble yo, oswa lòt separatè oswa klwazon enpèmeyab yo.
- Pati Responsab yo ta dwe entèdi itilizasyon ti espas yo (pa egzanp asansè yo, frijidè/glasyè komèsyal yo, veyikil yo, sal anplwaye yo ak biwo yo) ak pa plis pase yon moun alafwa, sof si tout anplwaye yo nan espas sa a pote kouvèti ki akseptab. Sepandan, menm avèk itilizasyon kouvèti pou figi, okipasyon an pa dwe janm depase 50% kapasite maksimòm espas la oswa veyikil la, sof si li fèt pou se yon sèl okipan ki itilize li. Pati Responsab yo ta dwe ogmante vantilasyon avèk lè ki soti deyò nan pi gwo mezi posib (pa egzanp kite antre kamyon ak anplwaye yo ansanm ak nenpòt fenèt ki disponib ouvè pi souvan posib), pandan yo ap kenbe pwotokòl sekirite yo. Pati Responsab yo ta dwe mezi anplis pou anpeche ankonbreman nan espas pou tann asansè yo epi limite dansite nan asanblè yo, tankou pèmèt itilzasyon eskalye yo.
- Pati Responsab yo ta dwe pran mezi pou diminye sikilasyon a pye nan tou de direksyon pandan y'ap itilize tep oswa pano ak flèch nan lale ki jis, koulwa oswa espas, epi afiche pano ak makè distans ki endike espas sis pye nan tout espas ki itilize souvan ak nenpòt espas ki gen liy ki fèt souvan oswa kote moun ka rasanble (pa egzanp: estasyon pou tcheke antre/soti, pòs depistaj, elatriye).
- Pati Responsab yo dwe afiche pano toupatou atravè etablisman an, ki an akò ak siyalizasyon DOH pou COVID-19 la. Pati Responsab yo ka devlope pwòp siyalizasyon pa yo ki espesyal pou espas travay yo a oswa anviwònman, depi siyalizasyon an an akò ak siyalizasyon Depatman an. Siyalizasyon an ta dwe itilize pou raple anplwaye pou l:
  - Kouvri nen ak bouch li ak yon kouvèti pou figi lè distans sosyal sis pye a pa ka kenbe.
  - Konsève kòm sadwa epi, lè sa nesèsè, jete PPE yo.
  - Respekte prensip distans sosyal fizik la.
  - Rapòte sentom oswa ekspozisyon COVID-19 la, epi kòman yo ka fè sa.
  - Swiv konsiy ijyèn men ak pwòpte ak dezenfeksyon yo.
  - Suiv ijyèn respirasyon apwopriye ak etikèt pou tous.

## B. Rasanbleman nan espas fèmèn

- Pati Responsab yo dwe limite rasanbleman an pèsonn (pa egzanp rasanbleman ekip, anrejistreman arive chak jou, reyinyon sou sekirite) nan mezi sa posib epi sèvi avèk lòt metòd tankou konferans pa videyo oswa telekonferans depi sa posib, dapre rekòmandasyon CDC yo "["Rekòmandasyon Pwovizwa pou Biznis ak Patwon yo Planifye ak Reyaji a Maladi Kowonaviris 2019 la \(COVID-19\)"](#)" (Interim Guidance for Businesses and Employers to Plan and Respond to Coronavirus Disease 2019 (COVID-19)). Lè videyokonferans oswa telekonferans pa posib, Pati Responsab yo ta dwe fè yon reyinyon

ouvè, nan espas ki gen bon lè epi asire ke moun yo kenbe sis pye distans sosyal ant youn ak lòt (eg: si gen chèz, kite espas nan mitan chèz yo, fè anlwaye yo chita nan chèz altène).

- Pati Responsab yo dwe mete an plas ase pratik distans sosyal nan espas konfine, tankou twalèt ak sal repo, e ta dwe kreye siyalizasyon ak sistèm (pa egzanpsiyale lè w okipe) pou ratresi okipasyon an lè distans sosyal la pa ka kenbe nan espas sa yo; epi
- Pati Responsab yo ta dwe repati orè pou anlwaye yo obsève distans sosyal la (sa vle di, sis pye espas) pou nenpòt rasanbleman (pa ezanp poz kafe yo, repa yo, ak kòmansman/fen peryòd travay yo).

### C. Aktivite Espas Travay

- Pati Responsab yo dwe pran mezi pou redwi kontak entèpèsònèl ak kongregasyon an, atravè metòd tankou:
  - limite prezans moun nan a sèlman sila ki nan staf la ki nesèsè pou sou sit la;
  - ajiste orè lye travay la;
  - redwi mendèv ki sou plas yo pou respekte konsiy distans sosyal yo;
  - konsepsyon evolutif (pa egzanp ekip A/B, repati lè arive/depa);
  - priyore tach ki pèmèt distans sosyal yo (pa egzanp itilize yon charyo pou leve yo), sou sila yo ki pa pèmèt sa (pa egzanp siyati faktirasyon yo, estoke ansanm atik ki twò lou yo);
  - evite plizyè manm pèsònèl ak/oswa ekip ki travay nan yon sèl espas nan repati tach ki pwograme yo ak itilize pano yo pou endike espas ki okipe yo; ak/oswa
  - segmante ak mete regwoupe aktivite yo, kote sa posib, dekwa pou moun yo ka respekte distans sosyal la epi redwi kantite men ki ap touche pwodwi yo an menm tan (pa egzanp yon anlwaye fè tout travay mete nan bwat, yon lòt anlwaye vlope nan plastik ak fèmèn tout bwat yo, epi yon anlwaye apa chaje kamyon an).

### D. Mouvman ak Kòmès

- Pati Responsab yo ta dwe entèdi vizitè ki pa esansyèl yo nan espas la.
- Pati Responsab yo dwe etabli espas ki deziye pou ramasaj ak livrezon, pandan y'ap limite kontak yo tout tan sa posib.
- Pati Responsab yo ta dwe kreye yon sistèm livrezon san kontak kote chofè yo rete nan kabin machin lan pandan livrezon an ap fèt oswa, kote sa pa ka fèt, Pati Responsab yo ta dwe bay travayè livrezon yo PPE apwopriye ki mache ak aktivite sa yo prewva yo ki gen ladan, ominimòm, yon kouvèti pou figi ki fèt an twal pou travayè livrezon yo.
  - Pati Responsab yo dwe dezenfekte men yo avan ak apre yo fin transfere yon chaj (pa egzanp chaje kamyon yo) machandiz (pa egzanp dezenfekte men yo avan yo kòmans chaje atik yo; epi yon fwa tout atik yo fin chaje, yo fini nan dezenfekte men yo ankò).
- Pati Responsab yo ta dwe limite entèaksyon (pa egzanp dezinye yon sòti pou travayè ki ap kite peryòd travay yo a ak yon antre separe pou travayè ki ap kòmans peryòd travay yo a) ak mouvman yo (pa egzanp anlwaye yo ta dwe rete toupre espas travay yo a pi souvan posib) nan espas la.

- Pati Responsab yo dwe sispann tout vizit ak demonstrasyon nan sal ekspozisyon yo san yon randevou ke yo te pran davans ki gen ladan pwotokòl pou distans sosyal yo, epi kote sa posib aplike politik pa gen vizit san randevou. Pati Responsab yo ta dwe bay enstriksyon ak magazen lavant an detay yo pou plase kòmman anliy oswa nan telefòn epi pou yo fè aranjman avan yo vini nan etablisman an pou kòlèk.
  - Kote sa posib, eseye reyalize enspeksyon pwodwi yo adistans nan itilize teknoloji videyo.
  - Si enspeksyon pwodwi oswa entèaksyon nesèsè, tout pati yo dwe dezenfekte men yo, avan ak apre enspeksyon an ak/oswa entèaksyon an, epi pote yon mask an twal ak gan pou enspekte ak touche machandiz yo.

## II. ESPAS

### A. Ekipman Pwotektif

- Anplis de PPE nesèsè jan yo egzije l pou kèk aktivite nan espas travay, Pati Responsab yo dwe genyen, fè oswa jwenn kouvèti pou figi akseptab epi bay anplwaye yo kouvèti sa yo san peye pandan yo nan travay. Pati Responsab yo ta dwe gen yon kantite kouvèti pou figi rezonab, mask ak lòt ekipman pwoteksyon pèsònèl (PPE) sou men pou si yon anplwaye ta bezwen ranplase oswa pou si yon vizitè ta nan bezwen. Kouvèti pou figi ki akseptab yo gen ladan yo, men yo pa limite a sa sèlman, mask ki fèt ak twal yo (pa egzanp, sa yo koud lakay yo, sa yo koupe nan rad yo, foula), mask chirijik yo, respiratè N95 yo, ak mask pwoteksyon pou figi yo.
- Kouvèti pou figi dwe pwòp oswa ranplase apre l fin itilize e li pa ka pataje. Tanpri konsilte direktiv CDC a pou plis enfòmasyon sou kouvèti pou figi an twal ak lòt tip PPE, ansanm ak enstriksyon sou itilizasyon ak pwòpte.
  - Note byen kouvèti pou figi ki fèt an twal oswa mask ki ka jete yo pa dwe konsidere kòm kouvèti pou figi akseptab pou aktivite espas travay ki egzije yon pi wo degre pwoteksyon pou egzijans kouvèti pou figi. Pa egzanp, si respiratè N95 yo egzije tradisyonèlman pou aktivite komès espesifik ki vann an gwo, yon twal oswa yon mask ki fèt lakay pa ka sifi. Pati Responsab yo dwe respekte nòm OSHA yo pou ekipman sekirite konsa.
- Pati Responsab yo dwe pèmèt anplwaye yo itilize kouvèti pou figi akseptab pa yo men yo pa ka egzije anplwaye yo bay pwòp kouvèti pou figi yo a. Anplis de sa, rekòmandasyon sa yo p ap anpeche anplwaye yo mete pwòp bagay anplis pa yo pou pwoteje tèt yo (paregzanp mask chirijikal, respiratè N95, oswa ekran pou figi), oswa si Pati Responsab yo egzije apa sa pou anplwaye yo mete plis PPE poutèt nati travay yo. Anplwaye yo ta dwe konfòme ak tout nòm aplikab OSHA yo.
- Pati Responsab yo dwe pran mezi pou limite pataj objè yo, charyo pou leve yo, aparèy pou fè bilan ak plase kòmman yo, kit sekirite yo, ansanm ak touche sifas ki pataje yo, tankou ranp pou men yo; oswa, egzije travayè yo pote gan (ki apwopriye pou komès oswa medikal) lè yo an kontak ak objè pataje oswa sifas moun touche souvan yo; oswa, egzije travayè yo dezenfekte oswa lave men yo avan ak apre kontak.
- Pati Responsab yo dwe fòme anplwaye yo sou kijan pou byen mete, retire, netwaye (si sa nesèsè), ak jete PPE, ansanm ak men sa pa limite a tout, kouvèti pou figi apworiye.

### B. Ijyèn, Netwayaj ak Dezenfeksyon

- Pati Responsab yo dwe asire yo yo respekte egzijans ijyèn ak pwòpte yo jan CDC ak DOH mande l la ansanm ak "Konsèy pou Netwayaj ak Dezenfekte Espas Piblik ak Prive pou COVID-19 la" (Guidance for Cleaning and Disinfection of Public and Private Facilities for COVID-19), ak pano "KANPE PWOPAGASYON AN" (STOP THE SPREAD) jan sa aplikab. Pati Responsab yo dwe kenbe journal netwayaj ki gen dat, lè, ak espas k'ap netwaye a ak dezenfeksyon.
- Pati Responsab yo dwe bay e kenbe estasyon ijyèn men nan espas la, konsa:
  - Pou lave men: savon, dlo cho k'ap koule, ak papye twalèt ki ka jete.
  - Pou dezenfekte: yon dezenfektan men a baz alkòl ki gen pou pi piti 60% alkòl pou espas kote lave men p'ap ka disponib oswa pratike.
- Pati Responsab yo ta dwe mete siyalizasyon toupre estasyon sanitayzè men yo ki endike ke men ki vizibleman sal yo ta dwe lave avèk savon ak dlo; dezenfektan pou men pa efikas sou men ki vizibleman sal.
- Pati Responsab yo dwe mete veso toupatou nan sit la pou jete bagay sal, pami yo PPE.
- Pati Responsab yo dwe bay materyèl netwayaj ak dezenfeksyon apwopriye pou sifas moun pataje ak touche souvan epi ankouraje anplwaye yo itilize materyèl sa yo, pandan y'ap swiv enstwiksyon manifaktirè yo, avan e apre yo fin itilize sifas sa yo, apre pou yo pratike ijyèn men.
- Pati responsab yo dwe mennen netwayaj regilye ak dezenfeksyon lokal vann an detay la ak netwayaj pi souvan pou espas ki gen gwo ris plizyè moun itilize ak espas moun touche souvan. Netwayaj ak dezenfeksyon dwe byen fèt epi kontinye e sa ta dwe fèt pou pi piti chak chanjman orè travay, chak jou, oswa pi souvan dapre bezwen. Tanpri ale li "Konsèy Pwovizwa pou Netwayaj ak Dezenfeksyon Espas Piblik ak Prive pou COVID-19 la" (Interim Guidance for Cleaning and Disinfection of Public and Private Facilities for COVID-19) DOH la pou plis enstriksyon detaye sou kijan pou netwaye etablisman yo.
  - Pati Responsab yo dwe asire netwayaj ak dezenfeksyon twalèt yo regilye. Twalèt yo ta dwe netwaye ak dezenfekte pi souvan tou depan de nivo yo frekante l.
    - Pati Responsab yo dwe asire ke prensip distans yo respekte pandan y'ap redwi kapasite twalèt yo kote sa posib.
  - Pati Responsab yo dwe asire ke yo dezenfekte ekipman ak zouti yo regilyèman nan itilize dezenfektan legal yo, gen ladan omwen chak fwa travayè yo chanje espas yo oswa yon travayè dieferan ap itilize ekipman sa a. Gade lis pwodwi Depatman Pwoteksyon Anviwònman an (Department of Environmental Conservation, DEC) ki anrejistre nan Eta New York epi EPA idantifye kòm kwa yo bay rezilta kont COVID-19 la.
  - Si netwayaj oswa dezenfeksyon pwodwi oswa oswa lefèt ke netwayaj ak dezenfeksyon koze pwoblèm sekirite oswa degrade materyèl oswa ekipman, Pati Responsab yo dwe mete an plas estasyon ijyèn men ant itilize ak/oswa founi gan ki ka jete ak/oswa limitasyon sou nonb anplwaye k'ap itilize ekipman sa a.
- Pati Responsab yo dwe fè netwayaj ak dezenfeksyon espas ki ekspozè yo nan ka yon travayè vini pozitif pou COVID-19 oswa, yon netwayaj ak dezenfeksyon konsa gen ladan, ominimòm, tout espas moun frekante ak sifas moun touche anpil (pa egzanp zouti pataje yo, machin yo, espas travay yo, veyikil yo, ak ranp pou men ki pataje yo).
- Rekòmandasyon CDC yo sou "Netwaye ak Dezenfekte Lokal Ou a" (Cleaning and Disinfecting Your Facility) si yo sispèk oswa konfime yon moun gen enfeksyon COVID-19 se:
  - Fèmen espas moun malad la te konn itilize a.

- Pati Responsab yo pa nesèsèman bezwen fèmen operasyon an, si yo ka fèmen espas ki afekte yo.
- Ouvri pòt ki bat sou deyò ak fenèt pou ogmante sikilasyon lè nan espas la.
- Tann 24 èdtan avan ou nerwaye oswa dezenfekte. Si 24 èdtan pa posib, tann tout tan w kapab.
- Netwaye ak dezenfekte tout espas moun malad la te itilize, tankou biwo, twalèt, espas komen, ak ekipman li te pataje.
- Depi espas la fin byen dezenfekte kòm sa dwa, li ka reouvè pou itilize.
  - Travayè ki pa gen kontak sere ak moun malad la ka retounen nan espas travay touswit apre dezenfeksyon.
  - Gade "Rekòmandasyon Pwovizwa pou Anplwaye Piblik ak Prive k ap Retounen nan Travay Apre Enfeksyon oswa Kontak ak COVID-19" (Interim Guidance for Public and Private Employees Returning to Work Following COVID-19 Infection or Exposure) DOH yo pou enfòmasyon sou kontak "sere oswa rapwoche".
- Si plis pase sèt jou pase depi moun ki malad la te vizite oswa itilize etablisman an, pa bezwen gen netwayaj ak dezenfeksyon naplis, men netwayaj ak dezenfeksyon ki te konn fèt yo dwe kontinye.
- Pati Responsab yo dwe entèdi manje ak bwason pataje (pa egzanp repa stil bifè), ankouraje moun pote manje ki sot lakay yo, e rezève ase espas po anplwaye pratike distans sosyal la pandan repa yo.

### C. Faz Reouvèti

- Nou ankouraje Pati Responsab yo a aktivite reouvèti pa faz yo pou ka pèmèt pwoblèm operasyonèl yo rezoud avan pwodiksyon oswa aktivite travay yo retounen nan nivo nòmal yo. Pati Responsab yo ta dwe konsidere limite nonb anplwaye yo, lè, ak nonb kliyan ki disponib pou sèvi lè premye reouvèti a pou ka bay operasyon yo kapasite pou ajiste chanjman an.

### D. Plan Kominikasyon

- Pati Responsab yo dwe afime ke yo te revize epi konprann enstriksyon eta a te pibliye sou endistri a, epi yo ap aplike yo.
- Pati Responsab yo ta dwe kreye yon plan kominikasyon pou anplwaye, vizitè, ak kliyan ki ladan l enstriksyon aplikab, fòmasyon, siyalizasyon, ak moyen pou bay anplwaye yo enfòmasyon. Pati Responsab yo ka kreye paj wèb, gwoup tèks ak imel, ak media sosyal.

## III. PWOSESIS YO

### A. Depistaj ak Tès

- Pati Responsab yo dwe kreye pratik depistaj sante obligatwa chak jou.
  - Pratik depistaj yo ka fèt a distans (pa egzanp pa telefòn oswa ankèt elektwonik), avan anplwaye a prezante nan etablisman an, nan mezi sa posib; oswa sa ka fèt nan espas la.
  - Depista ta dwe kowòdone pou anpeche anplwaye yo antre nan kontak sere ak youn lòt avan fen depistaj la.

- O minimòm, yo ta dwe egzije depistaj tout travayè ak vizitè e sa ta dwe konplete ak yon kesyonè ki detèminesi travayè oswa vizitè a te:
  - (a) gen konesans li antre an kontak sere oswa pwòch nan 14 jou pase yo ak nenpòt moun ki te teste pozitif pou COVID-19 la oswa ki genyen oswa te genyen sentom COVID-19 la:
  - (b) teste pozitif pou COVID-19 la nan 14 jou pase yo; ak/oswa
  - (c) eksperimante sentom COVID-19 la nan 14 jou pase yo.
- Ale nan ensiy CDC a sou "Sentòm Kowonaviris" (Symptoms of Coronavirus) la pou enfòmasyon ki pi ajou sou sentom ki asosye ak COVID-19 la.
- Pati Responsab yo yo ta dwe egzije anplwaye yo devwale touswit si epi lè respons yo te bay pou nenpòt nan kesyon ki mansyone anlè a yo ta chanje, tankou si yo kòmanse santi sentom, pandan oswa andeyò lè travay yo.
- Verifikasyon tanperati ka fèt chak jou tou dapre Komisyon pou Egalite Chans nan Zafè Anplwa (Equal Employment Opportunity Commission) oswa konsèy DOH yo. Pati Responsab yo entèdi pou kenbe anrejistreman done sante anplwaye a (pa egzanp done tanperati).
- Pati Responsab yo dwe asire ke nenpòt responsab k'ap fè aktivite depistaj, ansanm ak verifye tanperati, yo pwoteje nòmalmman de ekspozisyon a yon anplwaye ki enfekte oswa vizitè k'ap antre nan etablisman an. Responsab k'ap fè aktivite depistaj yo ta dwe fòme pa moun anplwayè a idantifye ki fanmiye ak pwotokòl CDC, DOH, ak OSHA.
- Moun ki ap fè depistaj yo ta dwe gen epi itilize PPE, ansanm ak o minimòm, yon mask pou figi, epi ak gan, yon gwo wòb, ak/oswa yon pwoteksyon pou figi.
- Yon anplwaye ki depiste pozitif pou sentom COVID-19 yo ta dwe pa gen aksè pou antre nan espas travay la e yo ta dwe voye l lakay li ak enstriksyon pou kontakte founisè swen sante l pou evalyasyon ak tès. Pati Responsab yo dwe mete depatman sante eta ak lokal la okouran ka a touswit si gen rezilta tès COVID-19 ki pozitif. Pati Responsab yo ta dwe bay anplwaye a enfòmasyon sou swen sante ak resous pou teste.
- Pati Responsab yo dwe gade "Rekòmandasyon Pwovizwa pou Anplwaye Piblik ak Prive k ap Retounen nan Travay Apre Enfeksyon oswa Kontak ak COVID-19" (Interim Guidance for Public and Private Employees Returning to Work Following COVID-19 Infection or Exposure) DOH yo sou pwotokòl ak politik yo pou anplwaye k ap chèche retounen nan travay apre yon ka COVID-19 yo sispèk oswa konfime oswa apre anplwaye a te gen kontak sere oswa rapwoche avèk yon moun ki gen COVID-19.
- Pati Responsab yo dwe deziyen yon pwen kontak santral, ki ka varye selon aktivite, espas, chanjman orè travay oswa jou, responsab pou resevwa ak ateste ke li te revize tout kesyonè anplwaye yo, ak kontak sa ki idantifye tou kòm pati ke anplwaye yo ak vizitè yo dwe enfòme si pita yo santi sentom ki gen rapò ak COVID-19, jan sa endike nan kesyonè a.
- Pati responsab yo dwe deziye yon espas sekirite minè kote responsablite yo an konfòmite ak tout respè plan sekirite espas la.
- Tout tan sa posib, Pati Responsab ta dwe kenbe yon jounal chak moun, ansanm ak travayè ak vizitè, ki ka gen kontak sere oswa pwòch ak lòt moun nan espas travay la; san nou pa mete livrezon ki fèt nòmalmman ak PPE oswa pa mwayen san kontak. Jounal la ta dwe gen enfòmasyon kontak la, pou tout kontak ka idantifye, retrace epi alète si yon anplwaye ta teste pou COVID-19 la. Pati Responsab yo dwe kolabore avèk efò pou retrace kontak depatman sante eta ak lokal la ap fè yo.



## B. Trasaj ak Swivi

- Pati Responsab yo dwe alète depatman sante eta ak lokal touswit apre yo fin enfòmè de nenpòt rezilta tèz pozitif COVID-19 pa yon travayè nan travay yo a.
- Nan ka yon anplwaye oswa yon vizitè teste pozitif, Pati Responsab yo dwe kolabore ak depatman sante eta a ak lokal yo pou trase tout kontak nan espas travay la epi alète depatman sante eta a ak lokal yo sou tout travayè ak vizitè ki te antre nan espas la nan 48 èdtan pase yo avan travayè a te kòmanse santi sentòm COVID-19 la oswa teste pozitif, nenpòt dat ki pi resan, men kenbe konfidansyalite jan lwa ak règleman federal ak eta a egzije a.
- Depatman sante eta ak lokal yo ap kreye restriksyon siveyans ak mouvman de moun ki enfekte oswa expoze yo ansanm ak izolman lakay oswa karantèn.
- Moun ke yo alète ki te an kontak sere ak oswa pwòch ak yon moun ki gen COVID-19 e ke yo te alète pa mwayen trasaj, swivi oswa lòt mekanis, yo egzije pou deklare tèt yo bay anplwayè yo a nan lè alèt la e yo pral swiv pwotokòl ki endike pi wo a.

## IV. PLAN ANPLWAYE

Pati Responsab yo dwe afiche byen klè plan sekirite nan espas la. Eta mete disponib yon modèl plan sekirite pou reouvèti biznis pou gide pwopriyete biznis ak operatè yo nan kreye plan pou pwojete kont pwopagasyon COVID-19 la.

### Enfòmasyon sekirite anplis, enstriksyon, ak resous disponib sou:

Sit Entènèt Epidemi Kowonaviris (COVID-19) Depatman Sante Eta New York la  
<https://coronavirus.health.ny.gov/>

Sit Entènèt Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi Kowonaviris (COVID-19)  
<https://www.cdc.gov/coronavirus/2019-ncov/index.html>

Sit Entènèt administrasyon Sekirite ak Sante nan Travay  
<https://www.osha.gov/SLTC/covid-19/>

### **Sou lyen ki pi ba a, afime ou te li epi konprann obligasyon ou genyen pou ou travay dapre direktiv sa a:**

<https://forms.ny.gov/s3/ny-forward-affirmation>